



Mizajou sou Distri 18yèm Asanble a

MANM ASANBLE TAYLOR DARLING



Otòn 2023

33 Front Street, Suite 303 • Hempstead, NY 11550 • 516-489-6610 • 516.538.3155 fax • DarlingT@contactme.nyassembly.gov

DOSYE ELEKTÈ YO

Manm asanble Darling ak Ekip Ekselans lan te depase atant pou ede epi rezoud pwoblèm plis pase **2,500** elektè.

Devouman ak angajman yo pou sèvi kominote a te enfayib. Anplis, yo te patisipe aktivman epi bay sipò ki solid pou yon miltitud evènman nan tout distri a.

Byennèt tout elektè rete priyoreite prensipal yo.

FON KI ATRIBYE YO

Manm asanble Darling te ede sekirize yon montan finansman enpresyonan ki depase **6,000,000** dola pou sipòte divès inisyativ ak pwojè nan tout Distri 18yèm Asanble a.

ALOKASYON FINANSMAN LOKAL Inisyativ Bidjè 2023 pou Pwogram

- | | |
|---------------------------------|---|
| ■ Agape Ministries | ■ Morrison Mentors |
| ■ The Cedarmore Corporation | ■ Nassau County PAL
(Uniondale/Roosevelt Branches) |
| ■ Choice For All Inc. | ■ P.E.A.C.E. Program Inc. |
| ■ Long Island Children's Museum | |

FINANSMAN CREST 2023

- | | |
|--|---|
| ■ Freeport Public Schools 125,000 dola:
Modènizasyon nan etablisman
John W. Dodd Middle School | ■ Malverne School District 250,000 dola
Modènizasyon Jimnazyòm lekòl segondè a |
| ■ Lakeview Public Library 125,000 dola:
Divès Renovasyon | ■ Roosevelt Union Free School District
500,000 dola: Harry Daniels School |
| ■ Long Island Children's Museum 250,000 dola:
Nouvèl eksposizyon istwa sou dlo sale | ■ West Hempstead High School 250,000 dola:
Nouvo rezèvwa gaz |

BIDJÈ POU TOUT ETA A

■ Swen Timoun

Bidjè ki apwouve a rann swen pou timoun pi abòdab pou fanmi New York yo lè li bay finansman pou elaji kalifikasyon nan pwogram Swen pou Timoun Eta a pou fanmi k ap fè jiska 85 poustan nan salè mwayen eta a. Bidjè a genyen ladan l tou finansman pou pwogram Enskripsyon ki fasilité yo pou ogmante kalifikasyon pou fanmi k ap fè jiska 400 poustan nivo povrete federal la pou fanmi ki pa kalifye otreman pou pwogram swen sante eta a.

■ Developman Ekonomik

Ogmante salè minimòm nan – 16.00 dola / èdtan Konte Nassau anvigè nan dat 1ye janvye 2024.

■ Edikasyon

Plan ki ankou a genyen ladan l 34 milya dola Sipò Jeneral pou Lekòl Piblik yo (General Support for Public Schools,

GSPS), yon ogmantasyon 3 milya dola, oswa 9.4 poustan parapò ak ane lekòl (school year, SY) 2022-23 la. Bidjè ki adopte a genyen ladan l tou 24 milya dola pou konplete faz antre nan pwosedi Èd pou Fondasyon an. Genyen ladan l tou 99.6 milyon dola èd pou bibliyotèk piblik yo.

■ Swen Sante

500 milyon dola pou sekirite / lopital ki nan difikilte yo.

■ Edikasyon Siperyè

1.38 milya dola enkli nan bidjè a pou èd fonksyònman pou lekòl Inivèsite Eta New York (State University of New York, SUNY) yo 821.4 milyon dola èd fonksyònman pou lekòk Inivèsite Vil New York (City University of New York, CUNY) yo pou rezidan Eta New York yo. Li genyen ladan l tou 213 milyon dola pou pwogram opòtinite yo.

New York State Assembly, Albany, New York 12248



Mizajou sou Distri 18yèm Asamble

Manm asamble

TAYLOR DARLING

Otòn 2023

Bilten enfòmasyon sa te enprime sou papye resikle.

GWO PWEN LEJISLATIF

Lejislasyon prensipal ki prezante nan sesyon sa ki pase a...

■ A07480

Otorize transfè manm pou kèk manm nan sistèm retrèt polis lokal ak ak ponpye eta New York la vè sistèm retrèt anplwaye lokal ak eta New York la

■ A07819

Konsène pano sèvis pataje nan tout konte a

■ A07395

Prevwa definisyon sante mantal ak familyal ak jèn epi li egzije biwo sante mantal la tabli pwogram kalifikasyon sèvis

■ A07393

Elaji pwovizyon lwa sante piblik ki lye ak redeplwaman eksè rezèv kèk organizasyon san bi likratif ki jere swen sante ([adopte](#))

■ A07018

Tabli lwa sou inisyativ preparasyon pou adrenalin (epinephrine preparedness initiative, EPI) pou sekouris la

■ A05994

Konsène rechèch ak restriksyon sou publisite ak pwomosyon sigarèt elektwonik ([adopte](#))

